

## **TRIBILASYON FANMI LAVALAS**

*Yon ti tan anvan kidnaping 29 fevrye 2004 la, tribilasyon nou menm baz, kad ,òganizatè, patizan ak senpatizan Fanmi Lavalas te deja kòmanse anba entimidasyon, menas, zak asasinay sou divès fòm.*

*Pou listwa ak pou la verite, nap site: masak penal kote 4 fonksyonè gouvènman Lavalas kite an misyon pou ministè enteryè tonbe anba zam kriminel jiskaskè kò yo boule.*

*Toujou nan plato santral, nou pa ka bliye kouman asayan san manman pat epanye menm aparèy jistis la, kote yo rantrè lakay yon jij “nou vle pale de jij Lozama”yo asasinenl.*

*Pandan tan sa mamm opozisyon ak asayan kriminel yo ap simaye la kangrenn dan lopera nan wèl patizan ak senpatizan Fanmi Lavalas ki nan lòt departman yo tankou nò ak lwès.*

*Nan pòtoprens kriminel yo pat ezité anba je laprès nasyonal ak entènasyonal vare sou louvra petit yon militan lavalas kote yo tchakel de la tèt o pye ak kout kouto, tchou boutèy ak ròch.*

*Toujou nan kad gwo vyolans planifye, ansyen manm opozisyon tap fè sou patizan lavalas, Gwo doudou tonbe plat atè nan kafou pòs machan anba gwo zam manm opozisyon an.*

*Nan nò peyi a, nan vil kap aysien 22 fevrye 2004, manman pitit se mare ren, asayan” fè e defè” kafe anpil militan Lavalas koule ak ma, asayan yo debake e arête plis pase yon santèn militan Lavalas, sa se twòkèt la, chay la se fèmen yo nan kontenè epi lage yo nan lanmè tou vivan, nan menm sitirasyon sa a, nou pa ka bliye kouman malere ki tap pouse bourèt avèk mayo Prezidan Aristide sou yo pat epaye anba zam asasen yo.*

*A pati 29 fevrye 2004, fòs zam anndan takou deyò peyia fè yon sèl pou mache sou fyèl militan, òganizatè ak kad fanmi lavalas, men kèk dat madichon nou pap janm bliye:*

*12 mas 2004, militè etranje yo touye plis pase 30 militan Fanmi Lavalas nan bèlè;*

*18 me 2004, asayan ki te fofile anndan polis nasyonal la ouvè zam sou yon manifestasyon pasifik lavalas kote, yo touye Simpson titus yon militan lavalas;*

*12 oktòb 2004, kòmando polis politik rejim defakto Bonifas Latòti a, fiziye gwo jounen anba je tout moun anviron trèz jenn fi ak gason nan fò nasyonal;*

*Fevrye 2005, lame ti manchèt bra ame rejim defakto latòti a vare sou yon bann jenn militan lavalas kote yo ansasinen plis pase yon kenzen*

*6 jiyè 2005, asayan nan polis nasyonal la, makonnen ak solda etranje transfòme site solèy an kan de konsantrasyon kote yo touye plis pase yon karantenn militan lavalas e blese plis pase 70 lòt;*

*22 desanm 2005, militè fòs etranje yo masakre plis pase yon senkantenn militan lavalas nan site solèy zòn bwa nèf, kote fanm ansent ak timoun pat epanye anba kote zam sa a, se verite.*